



Pou Piblikasyon Imedya: 23/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PARK ETA ROBERT MOSES AP PREMYE PARK ETA ENÈJI NET NAN PEYI A

Nouvo sistèm fotovòltayik pral ekonomize \$130,000 anyèlman

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse yon sistèm solè 500-kilowatt \$1.7 milyon kap enstale nan Park Eta Robert Moses, sa ki pral rann pak kotyè Konte Suffolk la kòm premye park eta enèji net nan peyi a. Nouvo sistèm lan pral kreye yon park ki pi vè, pi dirab e li pral reyalize yon ekonomi anyèl de \$130,000 nan depans. Anons sa se nan Ionè Semèn Latè a, 19-25 Avril, sa Gouvènè Cuomo te pwoklame tankou tout semèn selebrasyon nan angajman New York pou pwoteje anviwonman nou an.

“New York fyè pou li yon fwa ankò dirije wout la ak akeyi premye park eta enèji net nan peyi a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Eta sa a se kay kèk nan pi bèl park nan peyi a, e nou rete angaje pou pwoteksyon ak dirabilite yo. Kòm nap selebre Semèn Latè a, nou rekonèt valè resous natirèl New York, kijan li enpòtan pou diminye sou enprent kabòn nou epi ankouraje yon anviwonman ki pi pwòp ak pi ansante.”

Park la pral vini enèji net grasa yon antant mezi-net avèk PSEG Long Island, e grasa yon kontwòl enèji nan park la. Verifikasyon an te rekòmande kijan park la ka vini pi enèji efikas, e yo pral aplike lide sa yo anvan enstalsyon nouvo sistèm fotovòltayik la (PV). Elektrisite pano solè ki te jenere a pral reponn oswa depase itilizasyon anyèl park la.

Pwojè \$1.7 milyon se yon pati nan pwojè *NY Parks 2020 Gouvènè a* ki modènize sistèm park Eta New York. Pwojè a fè pati nan kad plan Gouvènè a [NY Parks 2020](#), fè yon angajman plizyè ane pou ogmante yon laj varyete finansman piblik ak prive pou investi apeprè \$900 milyon nan Park Eta yo de 2011 a 2020. Bidjè Eta 2015-16 gen ladan \$110 milyon nan bi inisyativ sa a. PSEG Long Island ap kontribye \$87,000 nan bi pwojè sa.

Komisyonè Park Eta yo Rose Harvey te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Park Eta yo ap anbrase itilizasyon teknoloji enèji vè ak modènize etablisman nou yo. Gwo enstalasyon sa a bay ton an pou fè tout Park Eta yo osi enèji efikas ke posib pandan lap ekonomize kontribyab yo lajan epi redwi depans enèji. Kò nou an ki fòm avèk enstatè sistèm PV ki sètifye pral ede nou entansifye efò yo pou eksplwate abondans solèy la nan Park Eta nou yo.”

Park Eta yo espere enstale yon lòt 300kW pano solè ki jenere kapasite nan park yo toupatou nan eta ane sa a, enkli pwojè nan Park Eta Sunken Meadow nan Long Island, Peebles Island State Park ak Thacher Park Eta nan Capital Region, ak Alan Treman Park Eta nan Finger Lakes.

Anplwaye Park Eta yo ki fòme pral enstale sistèm PV sou poto 1,792-pano pa dèyè chan 2 ak 4 espas paking. An kolaborasyon avèk New York State Energy Research and Development Authority ak Alfred State University, yo te fòme 20 elektrisyen Park Eta epi sètifye pou enstale deplwaman fotovòltayik. Enstalasyon Robert Moses la se dizyèm ak pi gwo pwojè PV anplwaye Park Eta ki te antreprann jiska dat. Enstalasyon anvan yo pral jenere apeprè 180,000 kWh elektrisite chak ane, ekonomize preske \$30,000 pa ane sou yon minimòm garanti 25-ane pou chak sistèm PV yo. Teknoloji Solè Nasyonal ki baze nan Buffalo te konsevwa sistèm lan e li te apwovizyone pano PV ak ekipman yo.

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG New York State Energy Research and Development Authority te deklare, “Pwojè a nan Park Eta Robert Moses sèvi kòm yon gwo egzanp sou fason New York ap envesti nan enèji pwòp nan tout sistèm park li a, ak benefis ki kapab genyen grasa angajman l a enèji efikas ak enèji renouvlab. Pwojè sa a, ki gen yon patisipasyon fòmidad anplwaye Park Eta yo, montre egzanp kijan enèji renouvlab, pwòp bay benefis ekonomik ak anviwonmantal sou Plan Vizyon Refòm Enèji Gouvènè Cuomo.”

Senatè Phil Boyle te deklare, “Chak etap nou pran pou amelyore enèji efikas nan Eta nou an ap amelyore kalite anviwonman ak lavi nou. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, Rose Harvey ak Biwo Park Eta, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik pou inovasyon yo e paske yon fwa ankò New York se Eta pou imite.”

Manm asanble Joseph Saladino te deklare, “Nouyòkè yo reyalize itilizasyon enèji solè ak renouvlab se yon obligasyon. Envestisman sa a anbrase teknoloji vè, pwoteje anviwonman e nan dis ane kout peye pou tèt li. Chif yo pwouve ke nap pran yon apwòch ki responsab pou kontribyab yo e antanke anviwonmantalis pwojè a dirije wout la. Nou menm Nouyòkè nou fyè pou nou nimewo en epi montre rès peyi a bon fason pou fè sa. Mwen kontan paske map travay avèk yon lòt pwojè anviwonmantal avèk Gouvènè Cuomo ki yon fwa ankò pwouve ke li konprann kijan plaj nou yo enpòtan pou nou.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske lap kontinye dirije pa egzanp ak bay finansman pou inisyativ enèji efikas enpòtan sa a. Plizyè santèn milye rezidan vizite Park Eta Robert Moses State Park sou yon baz anyèl. Bay opòtinite pou enstale yon sistèm solè non sèlman sèvi pou pwoteje anviwonman men li pral kontinye konsève alavangad pou vizitè yo enpòtans itilizasyon enèji renouvlab ak teknoloji.”

Michael Voltz, Direktè Enèji Efikas ak Renouvlab, te deklare, “Park Eta yo te fè yon travay eksepsyonèl nan ogmante pwogram PSEG Long Island sa kap ede kliyan nou yo nan reyalize enèji efikas ak diminye fakti elektrik. Mezi enstalasyon enèji efikas ak yon

sistèm solè PV pral ekonomize Biwo Parks, Recreation and Historic Preservation lajan pandan lap fè Long Island vin pi pwòp ak yon anviwonman ki pi dirab pou pwochen jenerasyon an.”

Gouvènè Cuomo te idantifye ogmantasyon enèji efikas kòm pami metòd ki pi rantab pou redwi emisyon gaz greenhouse ak lòt emisyon polyan anviwonmantal, ak pibliye yon Dekrè Egzekitif ki mande ajans eta yo pou ogmante enèji efikas nan bilding eta yo pa 20 pousan nan 2020. Enèji Solè pral pwoteje anviwonman an, prepare pou chanjman klima ak fè fonksyonman ajans yo pi efikas, ak pi santre sou sèvis pou vizitè park yo.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèvize 180 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 60 milyon moun ki vizite yo chak ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa vizite www.nysparks.com, konekte nan [Facebook](https://www.facebook.com/nysparks), oswa swiv nou nan [Twitter](https://twitter.com/nysparks).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418